

Kisa fòm pou planifikasyon tranzisyon [Transition Planning Form (TPF)] an ye ?

Planifikasyon tranzisyon fòm an (TPF) se yon fòm leta egzijè pou yo itilize chak ane nan reyinyon IEP yo, depi lè elèv la gen 14 zan (oswa pi bonè si l apwopriye). Ekip IEP a itilize TPF la pou yo chèche lide ak ekri plan elèv la pou tranzisyon a lavi adilt. Li diferan epi li endepandan de IEP a, men yo kenbe l nan dosye elèv la ak IEP a. TPF la pa yon kontra legal, e pa gen okenn egzijans legal pou nenpòt moun oblije egzekite plan aksyon ki nan TPF la. Si Ekip IEP a deside ladrès ak sèvis yo idantifye nan plan yo te ekri nan TPF la dwe reyalize, y ap oblije ekri yo nan IEP a. IEP a – kontrèman ak TPF la – se yon kontra legal ki di sa lekòl la dwe fè.

Poukisa fòm pou planifikasyon tranzisyon [Transition Planning Form (TPF)] an enpòtan ?

TPF la fè ekip IEP a konsantre, nan kòmansman reyinyon IEP a, sou vizyon elèv la pou pwòp avni l. Apre sa, TPF la gide ekip IEP a pou yo pale sou bezwen elèv la, ak pou yo diskite kòman elèv la ka devlope konpetans pou l reyalize vizyon l kòm adilt. Kontrèman a IEP a, TPF la pèmèt tout moun ki enpòtan nan lavi elèv la pou yo dokimante kisa yo pral fè pou sipòte elèv la ane sa a. TPF la pèmèt Ekip la panse gran ak kreye yon plan dinamik, kreyatif. Pa egzanp, kisa paran an pral fè ? Kisa konseye a, mèt teknik la, oswa reprezantan ajans pou adilt la pral fè ? Kisa anplwayè a oswa antrenè a pral fè ? Kisa elèv la pral fè ? Tout bagay sa yo depann de vizyon ak bezwen elèv la. Plan chak elèv ap diferan paske chak elèv inik.

Kilè yo ta dwe ranpli TPF la ?

Ekip IEP a ta dwe diskite sou TPF la epi ranpli l nan kòmansman reyinyon planifikasyon tranzisyon anyèl la pou elèv ki gen IEP yo, apati 14 zan ap monte (oswa pi bonè si l apwopriye). Apre, Ekip IEP yo ap diskite IEP a apre yo fin ak TPF la. Lekòl yo ak paran yo ka prepare elèv yo alavans lè yo pale avèk yo sou TPF la ak sou pwèn fò yo, bezwen yo, ak vizyon yo pou lavi adilt.

Resous yo

Sant koneksyon an (The LINK Center), yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo
www.fcsn.org/linkcenter

Sit entènèt tranzisyon edikasyon segondè espesyal MA ESE a
www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition

Konsèy sou asistans teknik SPED 2013-1 : Objektif pou apre lekòl segondè ak objektif pou IEP anyèl nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an
http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/13_1ta.html

Konsèy sou asistans teknik SPED 2017-1 : Karakteristik sèvis tranzisyon segondè ki gen gwo kalite yo
<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2017-1ta.pdf>



Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street
Malden, MA 02148

781-338-3000 | www.doe.mass.edu



FEDERATION FOR CHILDREN
WITH SPECIAL NEEDS

Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center

529 Main Street, Suite 1M3

Boston, MA 02129

800-331-0688 | www.fcsn.org

Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP yo

(Laj 14-22 zan)



fòm pou planifikasyon tranzisyon (TPF) an

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

fòm pou planifikasyon tranzisyon an : Bagay ou bezwen konnen....

KONSÈY 1 : Ede elèv yo pou yo pale de TPF la lè yo prepare yo davans.

- Pandan tout ane lekòl la, pwofesyonèl lekòl yo (pa egzanp konseye pedagogik yo, mèt yo) ak paran yo ka ede elèv yo reflechi sou sa yo bezwen, nan sa yo gen pwèn fò, sa yo renmen, ak sa yo vle fè ki an rapò a travay, edikasyon, lavi, ak patisipasyon nan kominote a.
- Anvan reyinyon IEP anyèl la, lekòl la ak fanmi an ka diskite sou TPF la ak elèv la, pou elèv la ka pare pou l pale de vizyon l, bezwen l yo, ak yon plan aksyon pou ede l devlope konpetans l ap bezwen pou lavi adilt.

KONSÈY 2 : TPF la ta dwe reflekte vizyon apre lekòl segondè elèv la.

- Yo ka ankouraje ak sipòte elèv la pou l dirije diskisyon sou TPF la, otank posib.
- Vizyon apre lekòl segondè yo dokimante nan TPF la dwe se vizyon elèv la pou lavi adilt li. Li pa dwe vizyon okenn lòt moun.
- Apre yo fin ekri vizyon elèv la nan TPF la, yo ta dwe ekri l nan seksyon vizyon IEP a. Apre, si lòt manm nan Ekip IEP a ta renmen ajoute lide yo sou vizyon elèv la pou lavi adilt ak pou pwochen 1 a 5 an yo, y ap ekri lide sa yo nan IEP a.
- Si elèv la pa ka patisipe nan reyinyon IEP a, deklarasyon vizyon an ta dwe reflekte pi bon jijman Ekip la konsènan sa elèv la vle nan lavi adilt li.

KONSÈY 3 : Otank posib, panse gran pou w ekri yon plan aksyon ki dinamik, kreyatif.

- Apre yo fin ekri deklarasyon vizyon an, elèv la ak lòt manm Ekip la ap fè lis bezwen yo ki an rapò a andikap elèv la ki se difikilite pou elèv la atenn vizyon l pou lavi adilt.
- Ansanm, Ekip la ap kreye yon plan aksyon ki pral ede elèv la devlope konpetans ki pral minimize

Se vizyon elèv la pou avni l k ap gide pwosesis planifikasyon tranzisyon an.

baryè sa yo, epi pouse elèv la, ane apre ane, pi pre pou l reyalize vizyon l kòm adilt.

- Paske TPF la pa yon kontra, tout moun ki bò tab IEP a ka jwe yon wòl nan plan aksyon an. Konsa, plan aksyon an ka di sa paran, elèv, konseye pedagogik la, antrenè, anplwayè a – nenpòt moun planifye pou fè !
- An selon bezwen chak elèv, ekip la dwe konsidere etap k ap devlope ni konpetans akademik (konpreyansyon lekti pa egzanp) konpetans fonksyonèl (regilasyon pou tet ou-regilasyon pa egzanp).
- Pa gen okenn egzijans legal ki di yon moun oblije egzekite plan aksyon ki nan TPF la.

TPF la pa fè pati IEP a, men yo ta dwe kenbe l nan dosye elèv la epi mete l ajou chak ane.

KONSÈY 4 : Apre diskisyon sou TPF la, itilize TPF la pou ede w ekri IEP a.

- Ekip la mande, « Baze sou vizyon elèv la pou lavi adilt li ak bezwen l yo ki an rapò a andikap li yo, ki objektif IEP mezirab nou ta dwe ekri ki pral devlope konpetans elèv la pou avanse l yon ane pi pre pou l reyalize vizyon l kòm adilt ? »
- Ekip la ap egzamine sou vizyon an, bezwen ki an rapò ak andikap la, ak plan aksyon an pou yo deside ki sèvis ak soutyen tranzisyon pou devlope konpetans elèv la ap bezwen ane sa a. Pa egzanp, èske elèv la bezwen eksperyans travay nan lekòl ak nan kominote a ? Sipòte nan men ajans pou adilt yo ?
- Si Ekip IEP a deside pati nan plan aksyon ki nan TPF la dwe reyalize, y ap oblije ekri yo nan IEP a.



Konekte Vizyon apre lekòl segondè ak Bezwen yo ki an rapò a andikap ak Planifikasyon aksyon

Vizyon

Shri vle vin kontab. Li gen plan pou l al nan inivèsite ak pou l rete nan kanpous inivèsite a. Apre l fin diplome, li pral rete nan yon apatman.

Bezwen yo ki an rapò a andikap

- Konpetans nan ekri
- Konpetans nan preparasyon pou inivèsite
- Konpetans òganizasyonèl
- Konpetans pou defann pwòp tèt ou

Ekip la ka ekri yon plan aksyon pou Shri ki ta ka gen ladan l :

- Shri ak paran l yo pral vizite inivèsite yo ak vizite biwo k ap bay sèvis pou moun andikape yo.
- Konseye Shri a ap ede l fè doub enskripsyon nan yon kou matematik nan yon inivèsite.
- Shri ak kouzen l nan pral eksplore ajanda ki baze sou elektwonik aplikasyon yo.
- Yon terapèst lapwòl ap ede Shri travay an gwoup.
- Mèt yo ap ede amelyore konpetans li nan ekri, pratike entèvyou, ak aprann dwa legal li yo.

Vizyon

Liza vle travay nan yon magazen pou bèt domestik ak aprann pou l vin yon swayan pou bèt domestik. Li vle pran sètifikasyon nan yon inivèsite oswa pran fòmasyon nan yon biznis. Liza vle ret lakay li pou yon ti tan e apre al ret nan yon apatman ak yon zanmi.

Bezwen yo ki an rapò a andikap

- Konpetans pwofesyonèl
- Konpetans an swen pèsònèl
- Konpetans nan defann dwa l yo poukont li
- Fòmasyon an vwayaj
- Konpetans an sekirite kominotè

Ekip la ka ekri yon plan aksyon pou Liza ki ta ka gen ladan l :

- Lekòl la ap refere Liza nan Komisyon pou re-adaptasyon nan Massachusetts [Massachusetts Rehabilitation Commission (MRC)] la pou l al pran fòmasyon an konpetans pwofesyonèl.
- Liza ak fanmi l ka eksplore pwogram inivèsite yo ak travay k ap anplwaye l ak ba l fòmasyon pandan l ap travay la.
- Tonton Liza ap ede l fè volontè nan yon refij pou bèt ki nan lokalite l.
- Mèt la ap ede Liza jwenn yon fòmasyon an vwayaj nan MBTA.
- Mèt ak fanmi Liza ap ede l aprann kòman pou l fè mache ak pwòpte.

TPF la gen twa pati : Vizyon apre lekòl segondè, Bezwen ki an rapò a andikap, ak Planifikasyon aksyon.